DEZYÈM REVIZYON DESKRIPSYON KONSEKANS SOU EDIKASYON : Pwopozisyon pou Mete Lekòl Endepandan Leta Apwouve, Explore Excel Charter School (84K379), ansanm avèk Lekòl P.S. 114 Ryder Elementary (18K114) ki egziste nan Bilding K114.

I. Rezime Pwopozisyon an

Nan dat 4 mas 2011, Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (DOE) te pibliye yon pwopozisyon revize ki deziyen pou "mete nan menm bilding" Explore Excel Charter School (84K379, "Explore") ansanm avèk yon lekòl primè DOE ki egziste, P.S. 114 Ryder Elementary (18K114, "P.S. 114") ki nan adrès 1077 Remsen Avenue, Brooklyn, NY 11236, nan Distri Lekòl Kominotè 18, nan Bilding K114 ("K114"). P.S. 114 se yon lekòl primè ki la deja, ki klase dapre zòn, epi k ap sèvi pou kounye a elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane, epitou li ofri yon seksyon nan yon pwogram klas pre-matènèl pandan tout lajounen. Explore ta vin yon nouvo lekòl endepandan leta apwouve ki ta sèvi elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane lè li fin "agrandi nèt" nan bilding K114. "Mete nan menm bilding" vle di de oswa plizyè òganizasyon lekòl ap fonksyone nan menm bilding lan, epitou yo kapab itilize espas komen tankou oditoryòm, jimnazyòm, ak kafeterya. Genyen yon òganizasyon kominotè *Community Based Organization* (CBO) tou, Kings County Mental Health Clinic ("klinik sante mantal), k ap fonksyone nan bilding K114, epi ki ofri sèvis sante mantal pou kominote a. P ap genyen konsekans sou CBO sa a akòz pwopozisyon pou mete Explore nan bilding K114 la tou.

Anvan yo afiche pwopozisyon ki revize a, nan dat 14 janvye 2011, DOE te pwopoze pou enstale yon nouvo lekòl primè, P.S. 521 (18K521, "P.S. 521"), ak Explore nan bilding K114. Yo te pibliye yon EIS amande nan dat 14 fevriye 2011 pou korije erè tipografik, pou ajoute enfòmasyon konsènan òganizasyon kominotè ki nan Bilding K114, epitou pou eklèsi lòt enfòmasyon ki anrapò ak P.S. 114.[1]

Nan yon Deskripsyon Konsekans Edikasyonèl *Educational Impact Statement* (EIS) apa ki te pibliye nan dat 17 desanm 2010, DOE te pwopoze pou fèmen ofi-amezi, epi pètèt pou fèmen li nèt P.S. 114.[2] Nan dat 29 desanm 2010, DOE te fè amannman nan EIS la pou korije erè tipografik ak fòmataj, pou efase yon tablo initil epitou pou korije de fo referans nan pwosesis Chwa Lekòl Pre-Segondè Distri 19 alaplas pwosesis Distri 18 la. Yo te revize EIS la nan dat 12 janvye 2011, pou fè chanjman nan pwopozisyon pou plan enskripsyon pandan fèmti ofi-amezi a pou P.S. 114, ki te dekri anvan nan EIS orijinal yo te pibliye nan dat 17 desanm 2010. Answit, EIS revize a te idantifye lekòl endepandan leta apwouve ki pral louvri nan K114 nan ane akademik 2011/12, te eklèsi tèks ak nòt anba paj ki asosye ak kapasite ak itilizasyon bilding lan, te ajoute enfòmasyon ki asosye ak lekòl endepandan yo ki nan espas DOE, te ajoute enfòmasyon yo pa t kontwole nan ane akademik 2010/11, epitou te ajoute estimasyon to itilizasyon bilding lan pou ane akademik 2010/11. Yo te fè amannman nan EIS la nan dat 14 janvye 2011 pou korije yon endikasyon enkòrèk Depatman Edikasyon Leta *State Education Department* (SED) antan otorizatè endepandan, epitou li eklèsi kijan priyorite tiraj-osò pou Explore ta admèt dabò elèv ki nan yon lekòl k ap fèmen ofi-amezi oswa nan yon lekòl kote DOE te pibliye yon pwopozisyon pou fèmen lekòl la ofi-amezi.

Yo te pwograme pou Komite Règleman Edikasyon vote sou Pwopozisyon ki amande pou mete yon nouvo lekòl ak Explore ansanm nan bilding K114 la nan dat 1ye mas 2011, epitou yo te pwograme pou Komite a vote sou pwopozisyon revize pou fèmen P.S. 114 ofi-amezi nan dat 3 fevriye 2011. Men, yo te ranvwaye vòt pou pwopozisyon pou fèmti ofi-amezi a jouk nan dat 1ye mas 2011. Nan dat 3 mas 2011, DOE te

[1] http://schools.nyc.gov/AboutUs/leadership/PEP/publicnotice/2010-2011/Mar12011Proposals.htm
[2] http://schools.nyc.gov/AboutUs/leadership/PEP/publicnotice/2010-2011/Feb32011Proposals.htm

finalman deside pou anile pwopozisyon li pou fèmen P.S. ofi-amezi. 114.[3] P.S. 114 ap rete louvri kounye a. Poutèt sa, yo te revize pwopozisyon pou mete P.S. 521, Explore ak P.S. 114 nan bilding K114, ak Plan Itilizasyon Bilding lan *Building Utilization Plan* (BUP) pou pwopozisyon an nan dat 4 mas 2011. Yo te fè amannman tou nan EIS ak BUP ki revize a nan dat 21 mas 2011. PEP te apwouve pwopozisyon an nan dat 23 mas 2011.

Dezyèm revizyon EIS la gen ladan Nimewo Minisipalite Distri Explore, epitou li eklèsi espas komen yo nan bilding K114. Yo te revize BUP pou pwopozisyon sa a, ki nan dokiman siplemantè a, nan mannyè ki endike anba la a : yo te ajiste orè pou espas komen ki pwopoze a, epitou DOE te eklèsi rezon pou kantite tan chak lekòl ki nan menm bilding lan afekte nan espas komen yo anba pwopozisyon sa a.

Otorizatè Explore, *State University of New York* (SUNY), te bay apwobasyon pou louvri yon nouvo lekòl primè endepandan leta apwouve nan Distri 18 la.[4] Nan ane akademik 2011/12, Explore ta louvri nan bilding K114 la, epitou li ta sèvi apeprè 56 elèv pou chak klas nan klas matènèl rive klas twazyèm ane, li te admèt nan pwosesis aplikasyon tiraj-osò endepandan kote li admèt elèv Distri 18 yo dabò.[5] Nan ane akademik 2012/13, Explore ap agrandi pou sèvi apeprè 56 lòt elèv nan klas katriyèm ane. Nan ane akademik 2013/14, Explore ta fin agrandi nèt nan bilding K114 la, epitou li ta sèvi apeprè 336 elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane.[6]

Kidonk, Explore te admèt nouvo elèv klas matènèl, klas premye ane, klas dezyèm ane, ak klas twazyèm ane nan pwosesis aplikasyon tiraj-osò endepandan pou prentan sa a, kote li te admèt elèv ki nan risk pou pa pase yo dabò, sitou elèv ki nan risk pou pa pase k ap viv nan Distri 18 la. Elèv ki nan risk pou yo pa pase defini swa kòm : (1) elèv ki ale nan yon lekòl leta oswa ki klase nan zòn pou yon lekòl leta ki te resevwa yon nòt “D” oswa yon nòt “F” nan Rapò Pwogrè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk nan ane akademik anvan tiraj-osò a akòz move pèfòmans akademik lekòl la, (2) Lekòl Depatman Edikasyon Mete sou Rejis pou Kontwòl *Schools Under Registration Review* (SURR), oswa (3) lekòl ki ka restriktire dapre Lwa federal pou pa kite okenn timoun rete dèyè.[7] Ane pase, P.S. 114 se sèl lekòl ki te resevwa yon nòt “D” nan Distri a, yo pa deziyen okenn lòt lekòl primè kòm SURR oswa kòm lekòl ki ka restriktire. Kidonk, elèv ki klase nan zòn P.S. 114 yo ta resevwa preferans nan priyorite nan pwosesis aplikasyon nan tiraj-osò dapre ak konstititif li pou ane akademik 2011/12 la. Men, alavni, tout elèv Distri 18 k ap viv nan yon zòn kote yon lekòl resevwa yon nòt D oswa F nan Rapò sou Pwogrè a, oswa kote yo deziyen yon lekòl kòm SURR oswa kòm yon lekòl ki ka restriktire, ka jwenn priyorite tou. Preferans nan tiraj-osò a ak pwosesis admisyon pou Explore dekri avèk plis detay nan Seksyon III A.

P.S. 114 se yon lekòl primè DOE k ap sèvi 733 elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane, ak 18 elèv nan yon seksyon klas matènèl pou yon total 751 elèv.[8] DOE pa prevwa pwopozisyon sa a ta gen konsekans sou pwosesis admisyon yo oswa sou pwogram enstriksyon an nan P.S. 114.

---

[3] http://schools.nyc.gov/AboutUs/leadership/PEP/publicnotice/2010-2011/Mar12011Proposals.htm

[4] Ak konstititif Explore (SUNY) bay li otorizasyon pou sèvi kounye a elèv klas matènèl rive klas sizyèm ane, men DOE prevwa Explore pral aplike pou mete yon lòt klas pou elèv klas matènèl rive klas uityèm ane alavni. Nan pwopozisyon sa a, Explore ap fin agrandi nèt nan bilding K114 la lè l ap sèvi elèv klas senkyèm ane yo nan ane akademik 2013/14. Si yo apwouve aplikasyon Explore pou sèvi elèv klas lekòl pre-segondè yo, DOE ap evalye espas ki disponib nan K114 ak nan lòt bilding Distri 18 la, epitou l ap pibliye yon nouvo EIS pou mete nivo klas lekòl pre-segondè, selon espas disponib ki pi apwopriye pou ane akademik 2014/15 ak apre. DOE anvizaje posiblite alontèm pou sipòte agrandisman ki prevwa pou Explore. Sa ka gen ladan demann Explore pou revize plan enskripsyon li oswa pou kite nivo klas primè yo nan K114 oswa toulède, epitou pou mete lòt klas nan yon kote diferan.

[5] http://schools.nyc.gov/community/planning/charters/Schools/default.htm

[6] Nan pwopozisyon sa a, DOE prevwa Explore ta enskri 280 elèv lè li fin agrandi nan ane akademik 2013/14. Men, Explore gen sèlman otorizasyon otorizatè endepandan li, SUNY, pou sèvi 250 elèv. Kidonk, pwojeksyon DOE ki endike Explore ta sèvi 280 elèv depannde Explore pou jwenn pèmisyon otorizatè li pou enskri plis pase 250 elèv. Si SUNY pa apwouve pwopozisyon Explore pou ogmante enskripsyon li, DOE ap re-egzamine pwopozisyon sa a pou mete lekòl yo nan menm bilding lan, epitou li kapab revize li jan sa apwopriye.

[7] Detay sou pwosesis tiraj-osò aplikasyon an ak fason pou jwenn yon aplikasyon ta disponib annatandan rezilta pwopozisyon sa a.

[8] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2010

Bilding kote P.S. 114 ye a, K114, gen kapasite pou sèvi 986 elèv. Nan ane akademik 2009/10, bilding lan t ap sèvi sèlman 844 elèv,[9] sa ki bay yon to itilizasyon 86 % sèlman.[10] Nan ane akademik 2010/11, bilding lan t ap sèvi sèlman 751 elèv, sa ki bay yon to itilizasyon 76 % sèlman.[11] Nan ane akademik 2013/14, depi Explore fin agrandi nèt, ap genyen apeprè yon total 884-929 elèv[12] k ap jwenn sèvis nan bilding lan, sa ki bay yon itilizasyon limit 94 % pou bilding lan. Kidonk genyen espas nan bilding lan pou adapte avèk agrandisman konplè Explore (klas matènèl rive klas 5yèm ane) ak P.S. 114.

Kontèks sou Pwosesis Desizyonèl DOE

DOE ap fè efò pou asire tout elèv ki nan vil Nouyòk jwenn posiblite nan chak etap edikasyon yo. Lè DOE ap detèmine fason ki pi ideyal pou distribiye espas la, li pwopoze pou mete Explore nan bilding K114 la tou pou ofri sa DOE kwè ki se posiblite pou yon lòt lekòl primè k ap sèvi fanmi yo ki nan Distri 18 la. Explore Charter Schools Network ("Explore Schools") se yon Òganizasyon Jesyon Endepandan Leta Apwouve *Charter Management Organization* (CMO) k ap agrandi epi k ap chèche ofri elèv yo konpetans akademik ak kapasite pou panse kritik ki nesesè pou yo gradye nan lekòl segondè ak pou yo gen siksè nan kolèj. Explore Schools ap chèche ofri elèv ki nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo aksè nan bon kalite edikasyon piblik, epitou li ofri sipò valè ajoute pou lekòl ki nan rezo a. Explore Schools ap jere kounye a de lekòl endepandan leta apwouve nan Brooklyn : Explore Charter School (84K704, 15 Snyder Avenue nan District 17) ki te louvri nan ane 2002 epi k ap sèvi kounye a apeprè 476 elèv klas matènèl rive klas uityèm ane,[13] ak Empower Charter School (84K742, 801 Park Place nan District 17), ki te louvri nan ane 2009, epi k ap sèvi kounye a apeprè 223 elèv klas matènèl rive klas twazyèm ane.[14] Empower Charter School pa gen done ki disponib sou pèfòmans li.[15] Explore Charter School te resevwa yon nòt jeneral B nan Rapò sou Pwogrè li pou ane akademik 2009/10 la, avèk yon nòt A nan sou-seksyon Anviwònman, ak yon nòt B nan sou-seksyon Rapò sou Pwogrè li.

DOE kwè li bon pou dosye siksè Explore Schools yo sipòte plasman pèmanan yon lekòl endepandan Explore leta apwouve nan Distri 18 la pou li kapab ofri ekselan opòtinite edikasyon pou elèv yo ak fanmi yo.

II. Pwopozisyon oswa Posiblite pou Itilizasyon Bilding

Bilding kote P.S. 114 ye a, K114, gen kapasite pou sèvi 986 elèv. Nan ane akademik 2009/10, bilding lan t ap sèvi sèlman 844 elèv, sa ki bay yon to itilizasyon 86 %. Pou ane akademik 2010/11 lan, P.S. 114 t ap sèvi yon total 733 elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane, ak yon pwogram klas pre-matènèl ki

---

[9] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2009

[10] To itilizasyon ki rapòte isit la ka diferan avèk sa yo te pibliye nan Rapò sou Itilizasyon Kapasite Enskripsyon ane akademik 2009/10 la ("Liv Ble" a), paske enskripsyon ki endike Liv Ble a genyen ladan elèv Absans Alontèm *Long Term Absences* (LTA), elèv te absan san rete pandan 30 jou oswa pandan plis jou apati 31 oktòb 2009. Chif kapasite bilding lan ki endike la a konfòm avèk Liv Ble a. Men, chif enskripsyon bilding lan ki endike toupatou nan EIS sa a epi ki itilize nan kalkil to itilizasyon yo genyen sèlman kantite elèv yo estime ki ale lekòl regilyèman, epi kidonk pa gen LTA yo ladan. Metodoloji sa a konsistan avèk mannyè kote DOE fè planifikasyon ak kote li kalkile afektasyon espas ak finansman pou tout lekòl yo. Lè y ap detèmine afektasyon espas pou lekòl ki nan menm bilding yo, Biwo Planifikasyon Espas ap fè yon sondaj detaye nan bilding lan ak analiz espas bilding lan pou evalye kantite espas ki disponib nan bilding lan.

[11] Kapasite ak to itilizasyon ofisyèl ki prevwa pou ane akademik 2010/11 lan ak pou ane akademik apre poko disponib. Tout referans ki fèt nan to itilizasyon bilding lan nan dokiman sa a baze sou done kapasite ki prevwa nan Liv Ble ane akademik 2009/10 la. Jan sa te diskite anwo a, to itilizasyon ki endike nan referans nan dokiman sa a genyen ladan kantite elèv yo estime ki ale lekòl regilyèman, epi kidonk to itilizasyon yo pa gen LTA yo ladan.

[12] Estimasyon enskripsyon ki prevwa pou bilding lan gen ladan : 1) enskripsyon elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane nan P.S. 114, plis yon seksyon klas matènèl, ak 2) enskripsyon elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane nan Explore Charter.

[13] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2010

[14] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2010

[15] Nan ane akademik 2009/10, Empower t ap sèvi elèv klas matènèl rive klas dezyèm ane, epitou klas sa yo pa klas ki pran egzamen. Kidonk, Empower pa genyen done sou pèfòmans li oswa yon nòt pou Rapò sou Pwogrè li pou ane akademik 2009/10 la.

fonksyone tout lajounen pou 18 elèv, sa ki bay yon previzyon itilizasyon 76 %. Genyen yon òganizasyon kominotè *Community Based Organization* (CBO) tou, Kings County Mental Health Clinic ("klinik sante mantal), k ap fonksyone nan bilding K114, pou ofri sèvis sante mantal pou kominote a. P ap genyen konsekans sou CBO sa a akòz pwopozisyon pou mete Explore nan bilding K114 la tou.

Nan ane akademik 2013/14, depi Explore fin agrandi nèt, epitou depi l ap sèvi elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane, ap genyen apeprè yon total 884-929 elèv k ap jwenn sèvis nan bilding lan, sa ki bay yon itilizasyon limit 94 % pou bilding lan.

Nan twa ane k ap vini yo, tout klas ki pwopoze pou lekòl yo ki nan bilding lan prezante konsa :

Ane Akademik	2010/11	2011/12	2012/13	2013/14	
P.S. 114	Klas matènèl rive klas 5yèm ane		Klas matènèl rive klas 5yèm ane	Klas matènèl rive klas 5yèm ane	Klas matènèl rive klas 5yèm ane
Explore Charter School	Pa disponib		Klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane, 3yèm ane	Klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane, 3yèm ane, 4yèm ane	Klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane, 3yèm ane, 4yèm ane, 5yèm ane

Explore ta louvri nan bilding K114 nan ane akademik 2011/12, epitou li ta sèvi elèv klas matènèl rive klas twazyèm ane avèk yon enskripsyon pou apeprè 224 elèv. Explore ta sèvi apeprè 336 elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane nan ane akademik 2013/14.[16]

P.S. 114 ta kontinye sèvi elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane.

Depi Explore konplete agrandisman li, ap genyen apeprè 884-929 elèv k ap jwenn sèvis nan bilding lan, sa k ap bay yon to itilizasyon 94 % pou bilding lan.

Jan sa dekri avèk plis detay nan Rapò sou Enskripsyon, Kapasite ak Itilizasyon, ki disponib nan sit wèb http://source.nycsca.org/pdf/capitalplan/2009-10/BB_2009_2010.pdf, yon to itilizasyon limit bilding kalkile lè yo divize enskripsyon total tout òganizasyon lekòl ki nan bilding lan pa "kapasite limit" total òganizasyon sa yo. "Kapasite limit" chak òganizasyon lekòl la kalkile selon itilizasyon ki pwograme pou chak sal jan direktè lekòl yo rapòte sa nan yon sondaj ki fèt sou bilding yo chak ane, nòm DOE pou kapasite maksimòm salklas yo (ki pi piti pase dimansyon klas UFT ki sou kontra yo epitou ki diferan selon nivo klas la), ak efikasite avèk ki salklas ki pwograme yo (sètadi, kantite fwa yo pwograme klas yo nan nenpòt salklas).

Dènye ane akademik yo te kalkile previzyon kapasite pou bilding yo se 2009/10. Jan sa dekri anvan nan EIS sa a, to itilizasyon DOE prevwa pou ane akademik 2010/11 lan ak pou ane akademik apre yo baze sou kapasite limit ane akademik 2009/10 la, ki sipoze konpozant ki nan baz kapasite limit lan (itilizasyon ki pwograme pou salklas yo, kapasite maksimòm chak klas, elatriye) pa chanje. Kidonk, to itilizasyon ki prevwa pou ane akademik 2010/11 ak ane apre yo bay sèlman yon estimasyon itilizasyon bilding an paske chak nan faktè ki ta fè kwè direktè lekòl yo ka ajiste kapasite ki prevwa a ant yon ane ak yon lòt pou pi byen satisfè bezwen elèv yo. Pa egzanp, chanjman itilizasyon yon sal ant yon sal administrasyon ak yon salklas nan nivo lekòl segondè ap ogmante kapasite limit jeneral yon bilding paske yo pa asiyen yon kapasite pou sal administrasyon lekòl segondè yo. Si enskripsyon an pa chanje, chanjman sa a ta lakòz yon to itilizasyon ki pi ba. Menm jan tou, si yo t ap itilize yon sal anvan kòm yon salklas pou klas matènèl epi yo vin itilize sal sa a kòm salklas pou klas senkyèm ane, kapasite limit bilding lan ta ogmante paske nou mande pou yon klas senkyèm ane gen plis elèv pase yon klas matènèl. Kidonk, sa montre nòm DOE pou

[16] Jan sa dekri nan dokiman sa a, previzyon enskripsyon nan ane akademik 2012/13 la se apeprè 280 elèv. Men, enskripsyon ki depase 250 elèv depannde Explore pou jwenn pèmisyon otorizatè li pou ogmante enskripsyon an a plis pase 250 elèv. Si SUNY pa apwouve pwopozisyon Explore pou ogmante enskripsyon li, DOE ap re-egzamine pwopozisyon sa a pou mete lekòl yo nan menm bilding lan, epitou li kapab revize li jan sa apwopriye.

kapasite maksimòm salklas pi elve pou salklas senkyèm ane pase salklas matènèl. Nan egzanp sa a tou, si enskripsyon an pa chanje, to itilizasyon an ta diminye.

III. Konsekans Pwopozisyon an sou Elèv, Lekòl, ak Kominote ki Afekte yo

A. Elèv

Konsekans sou Elèv ki Frekante Lekòl ki nan Bilding K114

P.S. 114 ap sèvi kounye a apeprè 733 elèv ki nan klas matènèl pou rive klas senkyèm ane, epitou li ofri yon seksyon konplè pou klas pre-matènèl ki gen 18 plas, pou yon total 751 elèv.[17] Tout elèv ki nan P.S. 114 kounye a ka kontinye nan P.S. 114.

Nan ane akademik 2011/12, tout elèv Distri 18 ki enskri nan klas matènèl, klas premye ane, ak klas dezyèm ane ta kalifye pou patisipe nan yon pwosesis tiraj-osò endepandan pou ale nan Explore. Sa ta gen ladan elèv ki enskri nan P.S. 114.

Yo pa prevwa pwopozisyon pou mete Explore nan bilding lan tou pral gen konsekans sou pwogram enstriksyonèl oswa pwogram ki pa fè pati korikolòm nan yo ofri nan P.S. 114.

- P.S. 114 ofri elèv klas katriyèm ane yo ak elèv klas senkyèm ane yo pwogram Astral Distri 18 la kounye a. Pwogram sa a ofri yon korikolòm avanse pou ogmante eksperyans aprantisaj la sou fòm aktivite enteresan ki deziyen pou panse kritik ak panse kreyatif. Pwogram astral la pa fè pati pwogram Elèv Douwe vil la oswa li pa fè pati pwosesis egzamen an. Pwogram nan pa enskri elèv ankò nan klas antre li, li te nan pwosesis pou fèmen ofi-amezi, epitou l ap kontinye fè sa yon fason ki endepandan avèk pwopozisyon sa a. Pwogram pou Elèv Douwe yo ap enstale oswa louvri selon demann elèv ki kalifye yo avèk nòt ki nan 90yèm pèsantil la oswa pi wo nan egzamen pou Elèv Douwe vil la.[18] Y ap detèmine posiblite pou enstale pwogram pou Elèv Douwe nan P.S. 114 yon lòt lè.

- P.S. 114 pa ofri elèv yo kounye a posiblite pou pwogram espò oswa pou lòt pwogram ki pa fè pati korikolòm lan.

P.S. 114 ka ofri pwogram ki pa fè pati korikolòm lan epi ki baze sou enterè elèv yo, sou resous ki disponib ak sou sipò anplwaye yo pou pwogram sa yo. Pwopozisyon pou mete lekòl yo nan menm bilding lan pa ta gen konsekans sou fiti opòtinite yo, men sa ka chanje fason pwogram yo konfigire. Pa egzanp, kèk aktivite ka bezwen pataje espas salklas oswa pwogramasyon aktivite sa yo ka chanje akòz pi gwo demann sou espas ki disponib lan pandan ak apre orè lekòl la. Pwogram espesifik ki yo ofri nan nenpòt lekòl kapab toujou chanje. Sa vrè pou nenpòt elèv vil la lè tout lekòl yo ap chanje pwogram ki pa fè pati nan korikolòm yo chak ane selon demann elèv yo ak resous ki disponib yo.

P.S. 114 ofri kounye a klas Ansèyman Gwoup Pwofesè k ap Kolabore *Collaborative Team Teaching* (CTT), klas Endepandan *Self Contained* (SC), ak Sèvis Sipò Èd pwofesè Edikasyon Espesyal *Special Education Teacher Support Service s* (SETSS). Yo ta ka kontinye ofri klas CTT, SC ak SETSS ki egziste yo, epitou elèv ki gen andikap ki la kounye a ak fiti elèv ki gen andikap yo ap kontinye resevwa sèvis obligatwa yo tou yon fason ki konfòm avèk Plan Edikasyon Endividyèl yo *Individualized Education Plans* (IEP).

[17] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2010
[18] Egzamen pou elèv douwe yo itilize yo se Egzamen pèfòmans Otis-Lennon School Otis-Lennon School Ability Test (OLSAT) egzamen Bracken School Readiness, epitou egzamen sa yo kapab chanje.

Dapre règleman DOE, yo admèt elèv k ap aprann lang Angle yo *English Language Learners* (ELL) nan lekòl primè yo nan menm mannyè ak kamarad klas yo ki pa ELL. ELL ki la kounye a ak fiti ELL ki nan P.S. 114 ta kontinye resevwa sèvis obligatwa yo.

Konsekans sou Fiti Elèv Lekòl Primè yo

Yo pa prevwa pwopozisyon pou mete Explore nan bilding K114 la tou ap gen konsekans sou pwosesis admisyon yo nan P.S. 114.

P.S. 114 se yon lekòl primè ki klase dapre zòn. Yo detèmine yon lekòl primè ki klase dapre zòn dapre adrès kay yon elèv. Pou jwenn plis enfòmasyon sou klasman lekòl dapre zòn, tanpri ale nan fonksyon School Search (rechèch lekòl) sit wèb DOE nan http://schools.nyc.gov/schoolsearch. P.S. 114 ta kontinye admèt tout elèv k ap viv nan zòn P.S. 114, ki gen ladan elèv ki enskri nan yon plasman sou tit over-the-counter, *over the counter* (OTC). Alavni, P.S. 114 ap bezwen limite kantite elèv ki pa nan zòn li ki jwenn admisyon nan lekòl la. Alòske tout elèv ki la kounye a ka kontinye enskripsyon yo nan P.S. 114, fiti elèv ki pa nan zòn lekòl la ta ale nan lekòl ki nan zòn yo.

Plasman sou tit se yon tèm ki gen pou wè ak metòd pou enskri elèv ki bezwen antre nan yon lekòl segondè paske yo pa t fè pati nan okenn pwosesis admisyon pou klas antre yo, epi yo pa t enskri nan yon lekòl nan vil Nouyòk nan moman lekòl la te kòmanse oswa yo nan toulède ka yo. Elèv sa yo tonbe nan youn nan twa kategori sa yo :

- Nouvo nan sistèm lekòl vil Nouyòk; oswa
- Rete nan sistèm lekòl vil Nouyòk epi yo te retounen; oswa
- Ap chèche transfè (dapre gid ki prezante nan Règleman A-101 Chanselye a).[19]

Lè yon elèv rive pou yon plasman sou tit, yo detèmine afektasyon li nan lekòl primè dapre adrès lakay li oswa ki lekòl ki gen plas disponib, epitou dapre gid transfè a, kote sa anvigè. Elèv yo kapab senpleman ale nan lekòl primè ki klase dapre zòn yo nan kòmansman ane a. DOE prevwa tout elèv ki nan zòn nan ap kontinye jwenn sèvis nan lekòl ki nan zòn nan.

Nan ka kote Divizyon Planifikasyon Pòtfolyo a detèmine lòt plas OTC ka nesesè, y ap revize kantite plas ki disponib yo epitou—si gen ase espas—y ap ajiste yo nan kèk lekòl. Si yon lekòl primè ki klase dapre zòn rive nan kapasite li, yo kapab “mete yon limit” nan enskripsyon lekòl la, epitou nan ka sa a, yo kapab voye elèv OTC ki rive yo nan yon diferan lekòl distri a. Si ta gen ase espas ki lib nan lekòl ki gen limit nan enskripsyon li a, elèv la gen dwa pou retounen si li chwazi pou fè sa.

Answit, enstalasyon Explore nan K114 tou ap ofri elèv lekòl primè Distri 18 la yon lòt posiblite pou lekòl primè. Apati prentan sa a, tout elèv klas matènèl ki nan lekòl la ak tout fiti elèv klas matènèl yo, elèv klas premye ane ak elèv klas dezyèm ane ki nan lekòl la k ap viv nan Distri 18 la ap gen opòtinite pou patisipe nan tiraj-osò aplikasyon endepandan an pou yo antre nan klas matènèl, nan klas premye ane, nan klas dezyèm ane, oswa nan klas twazyèm ane nan Explore nan mwa Septanm 2011.

Pou ane akademik 2011/12 la, Explore te aksepte aplikasyon dapre yon pwosesis aplikasyon nan tiraj-osò endepandan pou plas nan klas matènèl, nan klas premye ane, nan klas dezyèm ane ak nan klas twazyèm ane. Aplikasyon yo te disponib sou sit wèb Explore. Dat limit pou soumèt yon aplikasyon pou tiraj-osò Explore se te 25 avril 2011, epitou tiraj-osò pou enskripsyon an nan ane akademik 2011/12 te fèt nan dat 4 me 2011. Apre ane akademik 2011/12, Explore pral aksepte aplikasyon nan tiraj-osò pou klas matènèl sèlman. Men, lekòl la ka admèt elèv ki nan lòt klas nan lis-datant lekòl la si gen plas ki disponib.

[19] Dapre Règleman A-101 Chanselye a, elèv yo gen "dwa pou retounen" nan lekòl yo te ye anvan an apre yo fin abandone lekòl nan yon ane almannak ki vini apre abandon an, epitou y ap aksepte yo nan lekòl la si gen plas disponib. Kidonk, li posib pou elèv ki pa abite nan zòn lekòl ki rive pou yon plasman OTC ka jwenn admisyon nan yon lekòl ki klase dapre zòn.

Explore pral enskri elèv yo nan yon tiraj-osò, jan lwa sou lekòl endepandan Eta Nouyòk la egzije sa. Explore ap kreye règleman admisyon sa yo pou li kapab sèvi elèv ki nan risk pou pa pase, sitou elèv ki nan risk pou pa pase nan Distri 18 la. Elèv ki nan risk pou yo pa pase defini swa kòm : (1) elèv ki ale nan yon lekòl leta oswa ki klase nan zòn pou yon lekòl leta ki te resevwa yon nòt "D" oswa yon nòt "F" nan Rapò Pwogrè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk nan ane akademik anvan tiraj-osò a akòz move pèfòmans akademik lekòl la, (2) Lekòl Depatman Edikasyon Mete sou Rejis pou Kontwòl Schools Under Registration Review (SURR), oswa (3) lekòl ki ka restriktire dapre Lwa federal pou pa kite okenn timoun rete dèyè

Tiraj-osò Explore la ap bay priyorite pou aplikan yo nan lòd ki endike anba la a :

- Elèv k ap viv nan Distri 18 la epi ki nan risk pou pa pase.
- Elèv ki p ap viv nan Distri 18 la epi ki nan risk pou pa pase.
- Elèv k ap viv nan Distri 18 la, men ki pa nan risk pou pa pase.
- Elèv ki p ap viv nan Distri 18 la epi ki pa nan risk pou pa pase.

Ane pase, P.S. 114 se sèl lekòl ki te resevwa yon nòt "D" nan Distri a, epitou yo pa deziyen okenn lòt lekòl primè nan Distri a kòm SURR oswa kòm lekòl ki ka restriktire. Kidonk, elèv ki klase nan zòn P.S. 114 yo ta jwenn preferans nan priyorite nan pwosesis aplikasyon nan tiraj-osò endepandan pou ane akademik 2011/12 la. Men, alavni, tout elèv Distri 18 k ap viv nan yon zòn kote yon lekòl resevwa yon nòt D oswa F nan Rapò sou Pwogrè a, oswa kote yo deziyen yon lekòl kòm SURR oswa kòm yon lekòl ki ka restriktire, ka jwenn priyorite tou. Detay sou pwosesis tiraj-osò aplikasyon an ak fason pou jwenn yon aplikasyon ta disponib annatandan rezilta pwopozisyon sa a.

Answit, jan sa endike nan tablo ki nan Seksyon C, genyen plizyè lòt lekòl endepandan ki disponib tou pou elèv ak fanmi Distri 18 la. Lekòl endepandan leta apwouve sa yo admèt dabò elèv Distri 18 la nan tiraj-osò yo chak òganize. Sa ki anba la a se yon lis lekòl endepandan leta apwouve nan Distri 18 la : Brooklyn Ascend Charter School (84K652) ki enskri elèv nan yon tiraj-osò pou klas matènèl, Brownsville Ascend Charter School (84K737) ki enskri elèv nan yon tiraj osò pou klas matènèl rive klas 2yèm ane, epi Kings Collegiate Charter School (84K608) ki enskri elèv nan yon tiraj-osò pou klas senkyèm ane. Elèv k ap viv nan Distri 18 la ap kontinye jwenn posiblite pou patisipe nan tiraj-osò chak lekòl sa yo òganize. W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan lekòl endepandan leta apwouve sa yo nan Seksyon C pwopozisyon sa a. Chak ane yo pibliye enfòmasyon detaye sou lekòl endepandan leta apwouve yo ak sou pwosesis aplikasyon endepandan an. Enfòmasyon sa yo disponib tou nan dokiman oswa sou sit wèb DOE : http://schools.nyc.gov/community/planning/charters/For+Parents/default.htm.

Konsekans sou Fiti Elèv Klas Pre-Matènèl yo

P.S. 114 ap kontinye ofri yon pwogram klas pre-matènèl annatandan disponibilite finansman k ap kontinye a.[20] Règleman sou enskripsyon an pou admisyon nan klas pre-matènèl la pa ta chanje. Pi jèn sè oswa frè elèv ki klas dapre zòn yo ki deja enskri nan P.S. 114, ta jwenn premye priyorite nan admisyon pou klas pre-matènèl la. Sè oswa frè ki deyò zòn nan ta ka jwenn menm priyorite a.

B. Lekòl

Plan jeneral pou Bilding K114 la genyen ladan fèmti ofi-amezi Explore avèk P.S. 114 alontèm. Lè Explore fin konplete enstalasyon ofi-amezi li ak lè li fin "agrandi" nan ane akademik 2013/14, yo prevwa bilding lan pral enskri antou 884-929 elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane, avèk tou elèv k ap enskri nan klas pre-matènèl, epitou previzyon itilizasyon bilding lan ap 94 %.

[20] Y ap detèmine afektasyon finansman klas pre-matènèl anvan kòmansman ane akademik 2011/12 la.

Jan endike anvan, ak konstititif Explore bay li otorizasyon pou sèvi elèv klas matènèl rive klas sizyèm ane, epitou DOE prevwa Explore pral aplike pou mete yon lòt klas pou elèv klas matènèl rive klas uityèm ane. Nan pwopozisyon sa a, Explore ap fin agrandi nèt nan bilding K114 la lè l ap sèvi elèv klas senkyèm ane yo. DOE ap evalye espas ki disponib nan K114 ak nan lòt bilding Distri 18 la, epitou l ap pibliye yon nouvo EIS pou mete nivo klas lekòl pre-segondè, selon espas disponib ki pi apwopriye pou ane akademik 2014/15 ak apre.

Alavni, P.S. 114 ap bezwen limite kantite elèv ki pa nan zòn li ki jwenn admisyon nan lekòl la. P.S. 114 enskri kounye a 733 elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane[21] nan ane akademik 2010/11. Pami elèv sa yo, genyen 97 elèv ki nan klas matènèl. Sou 97 elèv klas matènèl yo, 78 elèv klas nan zòn P.S. 114, sa ki vle di rès 19 elèv yo pa klase nan zòn lekòl la. Previzyon enskripsyon pou fiti klas matènèl P.S. 114 baze sou tandans istorik enskripsyon zòn nan, epitou l ap endike yon pi piti kantite pase kantite elèv klas matènèl ki enskri kounye a, paske yo pa t ajoute elèv ki pa nan zòn lan nan previzyon yo. Paske fiti klas matènèl yo ap pi piti apati ane akademik 2011/12, yo prevwa enskripsyon total pou P.S. 114 ap diminye tou apre yon peryòd tan.

Sou de dènye ane yo, enskripsyon elèv klas matènèl zòn nan P.S. 114 te anmwayèn apeprè 74-75 elèv. Nan ane akademik 2010/11, 43 % elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane ki nan zòn P.S. 114 te frekante lekòl la. Pousantaj sa a te fè pati nan 78% enskripsyon total nan P.S. 114. Answit, nan ane akademik 2009/10, 46 % elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane ki nan zòn P.S. 114 te frekante lekòl la. Pousantaj sa a te fè pati nan 76 % enskripsyon total nan P.S. 114.

Jan sa te diskite anwo a, DOE ap travay avèk P.S. 114 pou kontwole enskripsyon li pou asire P.S. 114 enskri sèlman elèv k ap viv nan zòn jeyografik deziyen lekòl la pou li kapab ofri espas pou toulède lekòl ki nan bilding lan. Tout elèv k ap viv nan zòn P.S. 114, avèk elèv OTC yo tou, ap kontinye gen dwa pou jwenn yon plas nan P.S. 114.

Alavni, si genyen yon ogmantasyon nan enskripsyon elèv yo akòz demann ki pi plis pase previzyon ki genyen pou P.S. 114 oswa akòz yon ogmantasyon nan kantite fanmi k ap viv nan zòn lekòl la, Chanselye a gen dwa pou demenaje Explore pou mete li nan yon lòt lokal ki toupre K114 sou plan jeyografik. Chanselye a dwe sètifye alekri nan desizyon li pran an pou endike bezwen sistèm lekòl pou re-achte espas lekòl endepandan leta apwouve pou DOE itilize. Previzyon enskripsyon elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane pou toulède lekòl yo sou yon peryòd katran endike nan tablo ki anba la a.

Previzyon Enskripsyon Elèv sou 4 ane pou P.S. 114

	Klas Matènèl	Klas 1ye ane	Klas 2yèm ane	Klas 3yèm ane	Klas 4yèm ane	Klas 5yèm ane	Total
2010/11 (dènye enskripsyon yo)[22]	97	91	135	122	143	145	733
2011/12[23]	75-80	90-100	85-95	130-140	115-125	140-150	635-690[24]
2012/13	75-80	75-80	90-100	85-95	130-140	115-125	570-620[25]
2013/14	75-80	75-80	75-80	90-100	85-95	130-140	530-575[26]

[21] Sous : Rejis enskripsyon yo kontwole nan ane 2010, san klas pre-matènèl.
[22] Sous : Rejis enskripsyon yo kontwole nan ane 2010, san klas pre-matènèl.
[23] Previzyon total la konsistan avèk previzyon rejis bidjè a pou ane akademik 2011/12.
[24] Estimasyon an pa genyen ladan yon seksyon klas pre-matènèl. Enskripsyon yo prevwa avèk klas pre-matènèl se 653-708 elèv.
[25] Estimasyon an pa genyen ladan yon seksyon klas pre-matènèl. Enskripsyon yo prevwa avèk klas pre-matènèl se 588-638 elèv.
[26] Estimasyon an pa genyen ladan yon seksyon klas pre-matènèl. Enskripsyon yo prevwa avèk klas pre-matènèl se 548-593 elèv.

Estimasyon enskripsyon pou Explore sou yon peryòd 4 ane

	Klas Matènèl	Klas 1ye ane	Klas 2yèm ane	Klas 3yèm ane	Klas 4yèm ane	Klas 5yèm ane	Total
2010/11 (dènye enskripsyon yo)[27]	-	-	-	-	-	-	-
2011/12	56	56	56	56	-	-	224
2012/13	56	56	56	56	56	-	280
2013/14	56	56	56	56	56	56	336

Ta gen ase espas pou sèvi P.S. 114 ak Explore, yon fason ki konfòm avèk Apwòch Enstriksyonèl Vil la ("Apwòch" la). Tanpri ale sou sit wèb DOE pou jwenn Apwòch la, ki gide afektasyon ak itilizasyon espas nan lekòl vil la : http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/8CF30F41-DE25-4C30-92DE-731949919FC3/87633/NYCDOE_Instructional_Footprint_Final9210TNT.pdf.

Apwòch la prezante kantite sal debaz yo ta afekte pou yon lekòl dapre nivo klas lekòl la ap sèvi ak kantite salklas ki genyen pou chak klas. Pou lekòl ki egziste yo, Apwòch la aplike pou kantite salklas ki genyen yo ak dimansyon klas yon lekòl te pwograme, epitou sa konfime dapre yon vizit Direktè Minisipalite Planifikasyon Espas ak direktè lekòl la te fè. Pou lekòl primè k ap sèvi klas matènèl rive klas senkyèm ane (ak pou tout pwogram pre-matènèl yo), Apwòch la sipoze klas yo endepandan. Kidonk, Apwòch la afekte yon salklas gwo dimansyon pou chak edikasyon jeneral oswa pou chak seksyon CTT ak yon salklas gwo dimansyon oswa yon salklas demi-dimansyon pou sipòte chak seksyon edikasyon espesyal lekòl la ap sèvi. Anplis sal sa yo, lekòl k ap sèvi klas matènèl rive klas 5yèm ane ap resevwa tou yon afektasyon gwoup salklas oswa salklas espesyal an fonksyon kantite elèv ki enskri yo. Yo kapab itilize espas sa yo selon desizyon direktè lekòl la pou objektif tankou enstriksyon boza oswa mizik oswa toulède, ak lòt kalite enstriksyon.

Tout lekòl yo ap resevwa apeprè yon kantite ekivalan debaz 3.5 salklas gwo dimansyon pou sèvis administratif, pou sèvis sipò elèv yo ak pou sal resous.[28] Yo afekte lòt sal resous ak sal administratif yo selon nivo klas ak kantite elèv ki enskri nan chak lekòl. Si gen espas ki rete apre repatisyon kantite debaz la, yo fèt pou afekte espas la pami egalego pami lekòl ki nan menm bilding lan. Lè y ap detèmine yon afektasyon san patipri, DOE kapab konsidere faktè tankou enskripsyon asosye lekòl ki nan menm bilding yo, bezwen pou enstriksyon ak pwogram lekòl ki nan menm bilding yo, pozisyon fizik espas anplis ki nan bilding lan.

Jan sa dekri avèk plis detay nan dokiman siplemantè BUP revize ki vini avèk EIS sa a, ap genyen ase espas enstriksyonèl nan bilding K114 pou Explore ak P.S. 114. Menm jan nan lòt sitiyasyon kote lekòl yo ap fonksyone nan menm bilding, lekòl yo ta ka bezwen pataje gwo sal komen ak sal espesyal ki nan bilding lan, espesyalman kafeterya a, oditoryòm nan, jimnazyòm nan, bibliyotèk la ak lakou rekreyasyon deyò a ki gen ekipman lakou rekreyasyon. Se Komite Bilding lan ki fòme avèk direktè tout lekòl ki nan menm bilding lan k ap pran desizyon espesifik yo konsènan afektasyon espas komen yo. Yo pran desizyon yo nan tèt ansanm avèk Biwo Planifikasyon Espas DOE. Yon Komite Espas Komen ap reyini tou omwen kat fwa chak ane, epitou y ap voye rapò ba Komite Bilding lan konsènan kesyon espas komen yo. Si gen espas ki pa afekte, yo ta dwe distribiye espas sa a egalego pami lekòl yo selon kantite elèv ki enskri. Answit, jan sa endike nan dokiman sa a, Komite Bilding lan ap abòde nenpòt demann pou itilize tout espas komen yo nan lè apre-lekòl.

[27] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2010

[28] Akòz konfigirasyon divès kalite bilding DOE toupatou nan vil Nouyòk, lekòl yo ka resevwa ekivalan twa salklas gwo dimansyon ak yon sal resous demi-dimansyon pou sal resous sèvis sipò elèv yo, ki ta ka egal a yon salklas gwo dimansyon ak senk salklas demi-dimansyon oswa zewo salklas gwo dimansyon ak sèt salklas demi-dimansyon, elatriye.

Jan sa diskite, Komite Bilding lan ap detèmine orè final pou espas komen an nan tèt ansanm apre Komite pou Règleman Edikasyon an fin apwouve pwopozisyon pou mete lekòl yo nan menm bilding lan.

Yon fason ki konfòm avèk Lwa 1998 Leta Nouyòk sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve (selon amannman), Chanselye a oswa yon moun li deziyen fèt pou otorize alekri dabò nenpòt amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki pwopoze epi ki depase senk mil dola kèlkeswa kote lajan finansman an ap sòti, ki fèt pou adapte enstalasyon yon lekòl endepandan leta apwouve nan yon bilding lekòl leta. Pou nenpòt amelyorasyon oswa modènizasyon Chanselye a apwouve, amelyorasyon ekipman yo oswa modènizasyon bilding yo dwe fèt nan yon kantite lajan ki egal ak depans lekòl endepandan leta apwouve pou chak lekòl ki pa endepandan nan bilding lekòl leta a.

C. Kominote

Dapre pwopozisyon sa a, bilding K114 la ap ofri yon nouvo posiblite edikasyonèl k ap sipòte bezwen aprantisaj elèv yo ki nan Distri 18 la. Pwopozisyon pou mete Explore nan bilding K114 la tou deziyen pou ogmante kantite posiblite lekòl primè nan Distri 18 la.

Explore Charter Schools Network ("Explore Schools") se yon Òganizasyon Jesyon Endepandan Leta Apwouve *Charter Management Organization* (CMO) k ap agrandi epi k ap chèche ofri elèv yo konpetans akademik ak kapasite pou panse kritik ki nesesè pou yo gradye nan lekòl segondè ak pou yo gen siksè nan kolèj. Explore Schools ap chèche ofri elèv ki nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo aksè nan bon kalite edikasyon piblik, epitou li ofri sipò valè ajoute pou lekòl ki nan rezo a. Explore ap admèt nouvo elèv klas matènèl, klas premye ane, klas dezyèm ane, ak klas twazyèm ane nan pwosesis aplikasyon tiraj-osò endepandan pou prentan sa a, kote li te admèt elèv ki nan risk pou pa pase yo dabò, sitou elèv ki nan risk pou pa pase k ap viv nan Distri 18 la. Elèv ki nan risk pou yo pa pase defini swa kòm : (1) elèv ki ale nan yon lekòl leta oswa ki klase nan zòn pou yon lekòl leta ki te resevwa yon nòt "D" oswa yon nòt "F" nan Rapò Pwogrè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk nan ane akademik anvan tiraj-osò a akòz move pèfòmans akademik lekòl la, (2) Lekòl Depatman Edikasyon Mete sou Rejis pou Kontwòl Schools Under Registration Review (SURR), oswa (3) lekòl ki ka restriktire dapre Lwa federal pou pa kite okenn timoun rete dèyè Ane pase, P.S. 114 se sèl lekòl ki te resevwa yon nòt "D" nan Distri a, epitou yo pa deziyen okenn lòt lekòl primè nan Distri a kòm SURR oswa kòm lekòl ki ka restriktire. Kidonk, elèv ki klase nan zòn P.S. 114 yo ta jwenn preferans nan priyorite nan pwosesis aplikasyon nan tiraj-osò endepandan pou ane akademik 2011/12 la. Men, alavni, tout elèv Distri 18 k ap viv nan yon zòn kote yon lekòl resevwa yon nòt D oswa F nan Rapò sou Pwogrè a, oswa kote yo deziyen yon lekòl kòm SURR oswa kòm yon lekòl ki ka restriktire, ka jwenn priyorite tou.

Jan sa te note anvan, P.S. 114 enskri kounye a 733 elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane nan ane akademik 2010/11. Pami elèv sa yo, genyen 97 elèv ki nan klas matènèl. Sou 97 elèv klas matènèl yo, 78 elèv klas nan zòn P.S. 114, sa ki vle di rès 19 elèv yo pa klase nan zòn lekòl la. Previzyon enskripsyon pou fiti klas matènèl yo baze sou tandans istorik enskripsyon zòn nan, epitou l ap montre yon pi piti kantite pase kantite elèv klas matènèl ki enskri kounye a. Paske fiti klas matènèl yo pral pi piti apati ane akademik 2011/12, yo prevwa kantite elèv total k ap enskri ap diminye apre yon peryòd tan. Men, tout elèv k ap viv nan zòn P.S. 114, avèk elèv OTC yo tou, ap kontinye gen dwa pou jwenn yon plas nan lekòl la.

Alavni, P.S. 1144 ap bezwen kontwole enskripsyon li pou limite kantite elèv ki pa nan zòn lan ki jwenn admisyon nan lekòl la. Alòske tout elèv ki la kounye a ka kontinye enskripsyon yo nan P.S. 114, fiti elèv ki pa nan zòn lekòl la ta ale nan lekòl ki nan zòn yo. Diznèf (19) elèv klas matènèl ki pa klase nan zòn P.S. 114 klas nan zòn divès lòt lekòl ki nan distri a ak nan minisipalite a. Pa egzanp, pifò elèv ki deyò zòn nan ki frekante P.S. 114 rive a sis elèv ki klase nan zòn P.S. 115 (18K115). Pi gwo kantite elèv ki deyò zòn nan ki frekante P.S. 114 rive a de elèv ki klase nan zòn P.S. 233 (18K233), de elèv ki klase nan zòn P.S. 272 (18K272), ak de elèv ki klase nan zòn P.S. 251 nan Distri 22 (22K251). Rès sèt elèv yo klase yo chak dapre zòn pou plizyè lòt lekòl ki nan distri a ak nan minisipalite a. Alavni, elèv yo ta ale nan lekòl zòn yo, oswa yo ka aplike pou ale nan yon lekòl endepandan leta apwouve. Poutèt sa, kèk lòt lekòl ki klase dapre

zòn ka gen yon ogmantasyon ofi-amezi nan enskripsyon zòn yo, men DOE prevwa lekòl sa yo ta anmezi pou kontinye enskri tout elèv ki nan zòn yo, yon fason ki konfòm avèk dènye pratik la.

Nan ane akademik 2010/11, 43 % elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane ki nan zòn P.S. 114 te frekante lekòl la. Pousantaj sa a te fè pati 78 % enskripsyon total nan P.S. 114. Answit, nan ane akademik 2009/10, 46 % elèv klas matènèl rive klas senkyèm ane ki nan zòn P.S. 114 te frekante lekòl la. Pousantaj sa a te fè pati 76% enskripsyon total nan P.S. 114. Sou de dènye ane yo, enskripsyon elèv klas matènèl zòn nan P.S. 114 te anmwayèn apeprè 74-75 elèv. Yon fwa ankò, DOE ap travay avèk P.S. 114 pou kontwole enskripsyon li pou asire P.S. 114 enskri sèlman elèv k ap viv nan zòn jeyografik deziyen lekòl la, pou asire toulède lekòl yo gen ase espas pou fonksyone.

Answit, alavni, si genyen yon ogmantasyon nan enskripsyon elèv yo akòz demann ki pi plis pase previzyon ki genyen pou P.S. 114 oswa akòz yon ogmantasyon nan kantite fanmi k ap viv nan zòn lekòl la, Chanselye a gen dwa pou demenaje Explore pou mete li nan yon lòt lokal ki toupre K114 sou plan jeyografik. Chanselye a dwe sètifye alekri nan desizyon li pran an pou endike bezwen sistèm lekòl pou re-achte espas lekòl endepandan leta apwouve pou DOE itilize.

Genyen tou de lekòl endepandan leta apwouve nan Distri 18 la ki nan pwosesis pou enstale ofi-amezi pou sèvi elèv klas matènèl rive klas douzyèm ane, ak yon lekòl endepandan leta apwouve k ap enstale ofi-amezi pou sèvi elèv klas senkyèm ane rive klas douzyèm ane.

Lekòl sa yo endike nan tablo ki anba la a.

Non Lekòl la (DBN)	Adrès	Klas ki Resevwa Sèvis Kounye a	Klas Ki Resevwa Sèvis Lè Lekòl la Fin Enstale	Enskripsyon nan ane akademik 2010/11[29]	Admisyon	Pwogram oswa Aktivite Espesyal
Brooklyn Ascend Charter School (84K652)	205 Rockaway Parkway	Klas matènèl rive klas 3yèm ane	Klas matènèl rive klas 12yèm ane	428	Tiraj-osò pou klas matènèl	Jounen lekòl pi long
Brownsville Ascend Charter School (84K737)	205 Rockaway Parkway	Klas matènèl rive 2yèm ane	Klas matènèl rive klas 12yèm ane	247	Tiraj-osò pou Klas Matènèl rive nan Klas Dezyèm Ane	Lekòl lesamdi, leson patikilye apre-lekòl, lekòl pandan gran vakans pou elèv ki kalifye, jounen lekòl pi long
Kings Collegiate Charter School (84K608)	1084 Lenox Road	5-8	5-12	269	Tiraj-osò pou Klas Senkyèm Ane	Baskètbòl, foutbòl, yoga, boza, dans, pwogram apre-lekòl, jounen lekòl pi long, ane lekòl pi long

Tablo ki anwo a genyen ladan tou (kote detay yo disponib nan moman kreyasyon EIS la) detay sou pwogram oswa aktivite yo planifye pou lekòl endepandan leta apwouve sa yo. Y ap pibliye enfòmasyon detaye sou lekòl endepandan leta apwouve yo chak ane, epitou enfòmasyon sa yo ta disponib nan dokiman oswa sou sit wèb DOE nan :
http://schools.nyc.gov/community/planning/charters/For+Parents/default.htm.

[29] Sous : Rejis yo kontwole nan ane 2010

Yo pa prevwa pwopozisyon sa a pral afekte kapasite manm kominote yo ak òganizasyon yo pou jwenn pèmi itilizasyon bilding lekòl la nan K114. Yo pa prevwa pwopozisyon sa a pral gen konsekans sou fason pou gen aksè nan bilding K114.

IV. Enskripsyon, Admisyon, ak Enfòmasyon sou Pèfòmans Lekòl la

Previzyon 114

Done sou Admisyon

Dènye Admisyon yo	**Klas pre-matènèl** : Pwosesis Admisyon Inivèsèl Estanda pou Klas Pre-Matènèl **Klas matènèl rive nan klas 5yèm ane** : Klase dapre zòn

Done sou Enskripsyon

Klas ki Resevwa Sèvis Kounye a	Klas matènèl rive 5yèm ane
Enskripsyon pou Ane Akademik 2010/11[30]	733
Klas ki Resevwa Sèvis nan Ane Akademik 2011/12	Klas matènèl rive 5yèm ane
Previzyon Enskripsyon pou Ane Akademik 2011/12[31]	635-690
Klas ki Resevwa Sèvis nan Ane Akademik 2012/13	Klas matènèl rive 5yèm ane
Previzyon Enskripsyon pou Ane Akademik 2012/13	570-620
Elèv ki Resevwa Sèvis pandan Fèmti Ofi-amezi nan Ane Akademik 2013/14	Klas matènèl rive 5yèm ane
Previzyon Enskripsyon pou Ane Akademik 2013/14	530-575

Done Demografik

Pousantaj Elèv k ap Resevwa sèvis CTT oswa SC[32]	6 %
Pousantaj Elèv ki gen yon IEP[33]	11 %
Pousantaj Elèv K ap Aprann Lang Angle yo[34]	12 %
Pousantaj Elèv ki Kalifye pou Repa Midi Gratis oswa pou Pri ki Ba[35]	84 %

Done sou Pèfòmans Lekòl la

[30] Sous : Rejis enskripsyon yo kontwole nan ane 2010, san klas pre-matènèl.
[31] Previzyon total la konsistan avèk previzyon rejis bidjè a pou ane akademik 2011/12.
[32] Elèv k ap Resevwa CTT ak sèvis SC kòm pousantaj total elèv nan Rejis yo te kontwole pou ane akademik 2010/11 lan.
[33] Elèv ki gen IEP kòm pousantaj total elèv nan Rejis yo te kontwole pou ane akademik 2010/11 lan.
[34] ELL kòm pousantaj elèv total nan Rejis Enskripsyon yo Te Verifye nan ane akademik 2010/11.
[35] Pousantaj Elèv ki Kalifye pou Repa Gratis oswa pou Pri ki Baz dapre Memorandòm Alokasyon Lekòl la Nimewo 9, Ane Fiskal 2011, 30 Jen 2010.

Previzyon 114 Ryder Elementary	2007/08	2008/09	2009/10[36]
Pèfòmans ak Pwogrè Lekòl la			
Nòt Jeneral pou Rapò sou Pwogrè a	B	B	D
Nòt pou Evalyasyon Kalite	UPF[37]	U	- [38]
Done sou Pèfòmans[39]			
Pousantaj Konpetan (Nivo 3 ak Nivo 4) nan ELA	57 %	64 %	35 %
Pousantaj Konpetan nan Matematik (Nivo 3 ak Nivo 4)	82 %	82 %	34 %
Lòt Endikatè Kle pou Pèfòmans[40]			
Pousantaj Elèv ki Prezan	93 %	93 %	93 %
Sitiyasyon Responsablite Leta pou Ane Akademik 2010/11	An Règ		

Explore Excel Charter School

Done sou Previzyon Admisyon

Previzyon Admisyon	**Klas matènèl rive nan klas 5yèm ane :** Aplikasyon Tiraj-osò Endepandan, preferans pou elèv ak moun k ap viv nan Distri 8 la

Done sou Enskripsyon

Klas ki Resevwa Sèvis Kounye a	Pa disponib
Enskripsyon pou Ane Akademik 2010/11 :	Pa disponib
Klas y ap sèvi nan ane akademik 2011/12 pandan Enstalasyon Ofi-amezi	Klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane, 3yèm
Previzyon Enskripsyon pou Ane Akademik 2011/12	224
Klas y ap sèvi nan ane akademik 2012/13 pandan Enstalasyon Ofi-amezi	Klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane, 3yèm
Previzyon Enskripsyon pou Ane Akademik 2012/13	280
Klas y ap sèvi nan ane akademik 2013/14 pandan Enstalasyon Ofi-amezi	Klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane, 3yèm
Previzyon Enskripsyon pou Ane Akademik 2013/14	336

[36] Nan ane 2010 la, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk te ajiste “move nòt” elèv yo te resevwa nan egzamen matematik ak ELA anyèl la, pou ogmante nòt ki nesesè pou elèv yo rive nan Nivo 3 (konpetans nan nivo klas) oswa nan pi wo nivo nan egzamen an. Kòm yon rezilta, pousantaj elèv ki te rive nan nivo klas la te tonbe byen ba nan lekòl ki onivo eta a, ansanm avèk pifò lekòl ki nan vil Nouyòk. Alòske pousantaj elèv ki te rive nan nivo konpetans te bese, anmwayèn, nòt absoli elèv vil Nouyòk yo fè pou egzamen yo te rete prèske san chanje parapò ak ane anvan an.
[37] Sou-devlope avèk patikilarite konpetan.
[38] Se pa tout lekòl ki resevwa yon Evalyasyon Kalite chak ane.
[39] Sous : Rapò sou pwogrè
[40] Sous : Rapò sou pwogrè

Done Demografik
Explore poko louvri. Kidonk, pa genyen done demografik.

Done sou Pèfòmans Lekòl la
Explore poko louvri. Kidonk, pa genyen done sou pèfòmans lekòl la.

V. Premye Frè pou Peye ak Epay

Pa genyen frè inisyal oswa ekonomi lajan yo prevwa ki asosye avèk pwopozisyon sa a. Yon fason ki konfòm avèk Lwa 1998 Leta Nouyòk sou Lekòl Endepandan Leta Apwouve (selon amannman), Chanselye a oswa yon moun li deziyen fèt pou otorize alekri dabò nenpòt amelyorasyon ekipman oswa modènizasyon bilding ki pwopoze epi ki depase senk mil dola kèlkeswa kote lajan finansman an ap sòti, ki fèt pou adapte enstalasyon yon lekòl endepandan leta apwouve nan yon bilding lekòl leta. Pou nenpòt amelyorasyon oswa modènizasyon Chanselye a apwouve, amelyorasyon ekipman yo oswa modènizasyon bilding yo dwe fèt nan yon kantite lajan ki egal ak depans lekòl endepandan leta apwouve pou chak lekòl ki pa endepandan nan bilding lekòl leta a.

VI. Konsekans sou Bezwen Anplwaye, Depans pou Sèvis Enstriksyon, Sèvis Administrasyon, Sèvis Transpò ak Lòt Sèvis Sipò

A. Nesesite pou Gen Anplwaye

Pwopozisyon an pral chanje kantite pozisyon anplwaye ki afekte nan P.S. 114.

Jan dekri nan Seksyon III B ak nan Seksyon III C, P.S. 114 enskri kounye a 733 elèv nan klas matènèl rive klas senkyèm ane[41] nan ane akademik 2010/11. Pami elèv sa yo, genyen 97 elèv ki nan klas matènèl. Sou 97 elèv klas matènèl yo, 78 elèv klas nan zòn P.S. 114, sa ki vle di rès 19 elèv yo pa klase nan zòn lekòl la. Previzyon enskripsyon pou fiti klas matènèl yo baze sou tandans istorik enskripsyon zòn nan, epitou l ap montre yon pi piti kantite pase kantite elèv klas matènèl ki enskri kounye a Paske fiti klas matènèl yo pral pi piti apati ane akademik 2011/12, yo prevwa kantite elèv total k ap enskri ap diminye apre yon peryòd tan. Alavni, P.S. 1144 ap bezwen kontwole enskripsyon li pou limite kantite elèv ki pa nan zòn lan ki jwenn admisyon nan lekòl la.

Poutèt sa, fiti enskripsyon yo prevwa nan P.S. 114 pral diminye. Kèk pozisyon anplwaye administratif, pwofesè ak anplwaye ki pa pedagojik ki nan P.S. 114 ta vin anplis akòz pwopozisyon sa a. Pwosesis sa a ap fè ofi-amezi pandan enskripsyon elèv yo ap bese avèk chak klas k ap gradye youn apre lòt. Avèk mwens elèv, kantite anplwaye lekòl la ap bezwen yo ap diminye nòmalman.

Y ap kreye nouvo pozisyon anplwaye administratif ak pozisyon ki pa pedagojik nan Explore pandan pwosesis enstalasyon lekòl la ofi-amezi. Yo prevwa Explore pral anboche lòt pwofesè lè yo ajoute chak nouvo klas nan lekòl la.

Explore ka anboche lòt anplwaye pou sipòte agrandisman sa a.

[41] Sous : Rejis enskripsyon yo kontwole nan ane 2010, san klas pre-matènèl.

B. Depans pou Enstriksyon

Pwopozisyon sa a pa ta dwe gen konsekans sou bidjè fonksyònman oswa sou depans enstriksyon an nan P.S. 114. Yo detèmine bidjè debaz fonksyònman pou lekòl sa yo dapre menm fòmil Finansman Elèv san Patipri *Fair Student Funding* (FSF) ki itilize nan tout lekòl leta Distri vil Nouyòk. Dapre FSF, lekòl yo resevwa finansman avèk lajan prelèvman taks minisipal sou baz chak elèv. Chak elèv resevwa yon kredi, epi kredi a baze sou nivo klas elèv. a Kredi FSF yo kapab chanje chak ane, men pou ane akademik 2010/11 lan, kredi debaz pou chak elèv pou lekòl primè yo se te 4,059.71$. Answit, FSF akòde alokasyon siplemantè sou baz chak elèv pou elèv ki gen bezwen adisyonèl, epi kidonk ki koute plis lajan pou edikasyon yo. Pa egzanp, pandan ane akademik 2010/11 lan, lekòl primè yo te resevwa yon lòt 1,623.00$ pou chak elèv pou chak ELL yo te enskri yo. Nan nivo lekòl primè, yo te bay lajan siplemantè pou chak elèv ki se yon ELL, ki bezwen sèvis edikasyon espesyal, oswa ki kalifye pou jwenn repa midi gratis oswa pou pri ki ba. Pou lekòl pre-segondè yo ak lekòl segondè yo, yo bay lajan siplemantè pou chak elèv ki se yon ELL, ki bezwen sèvis edikasyon espesyal, oswa ki gen pèfòmans anba nivo klas yo apre enskripsyon yo. Sizoka elèv yo tonbe nan plis pase youn nan kategori sa yo, yo bay lekòl yo finansman siplemantè pou satisfè tout bezwen sa yo.

FSF genyen ladan depans debaz pou enstriksyon, epitou lajan FSF la kapab, selon desizyon lekòl la, itilize pou anboche anplwaye, achte ekipman ak materyèl, oswa egzekite pwogram enstriksyonèl la. Pandan kantite total elèv ki enskri yo ap ogmante, bidjè jeneral la ap ogmante tou pou sa, pou pèmèt lekòl la satisfè bezwen enstriksyon pi gwo popilasyon elèv li yo. Menm jan tou, si kantite total elèv ki enskri yo diminye, bidjè a ap diminye poutèt sa, paske lekòl la ap bezwen mwens materyèl ak pètèt mwens anplwaye.

Menm jan avèk tout lekòl ki nan vil la, P.S. 114 kapab resevwa finansman adisyonèl “kategorik” selon patikilarite ak bezwen elèv yo. Pa egzanp, yo akòde finansman Tit I federal pou lekòl yo selon pwopòsyon elèv ki nan fanmi ki pa touche ase lajan epi ki enskri nan lekòl yo. Touletwa lekòl sa yo kalifye pou kounye a pou finansman Tit I. Si nou sipoze lekòl yo kontinye satisfè kritè Tit I an, kantite lajan finansman Tit I yo chak ta dwe ogmante oswa diminye lè kantite elèv lekòl la ap ogmante oswa diminye.

Alòske lekòl yo resevwa sipò siplemantè pou elèv edikasyon espesyal yo nan FSF, sa reprezante sèlman pati finansman yo bay pou sipòte elèv sa yo. Yo mete lekòl sou bidjè pou satisfè bezwen elèv edikasyon espesyal yo, jan sa defini nan IEP elèv yo. Previzyon 114 ap kontinye resevwa lajan pou satisfè bezwen tout elèv edikasyon espesyal yo yon fason ki konfòm avèk IEP yo.

Tanpri sonje ogmantasyon oswa diminisyon lajan ki afekte pou chak elèv nan lekòl la kòm yon rezilta pwopozisyon sa a ka pa reprezante depans nè oswa kimilatif sistèm nan. Tout lajan yo baze sou alokasyon ane fiskal 2010 la, epitou yo kapab gen chanjman anyèl selon ajisteman ki fèt nan bidjè general fonksyònman DOE.

Se Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) ki detèmine to Lekòl Endepandan Edikasyon Jeneral pou chak elèv. To sa a baze sou yon fòmil yo itilize pou tout distri lekòl leta tradisyonèl yo. Fòmil lan divize Depans Fonksyònman Apwouve Approved Operating Expenditures (AOE) distri a pa Inite Total Elèv ki Admisib *Total Allowable Pupil Units* (TAPU). Finansman edikasyon espesyal se yon kredi Lekòl Endepandan Leta Apwouve yo kapab kalifye pou jwenn. Lekòl Endepandan Leta Apwouve yo resevwa finansman sa a pou sèvi elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal pou plis pase 20 % semèn nan jan yon IEP egzije sa.

C. Administrasyon

Kèk pozisyon sipèvizè oswa administratè lekòl la oswa toulède ki asiyen pou P.S. 114 ka vin anplis depi rejis lekòl la redui nan tout klas yo. Kèk pozisyon ka vin twòp pandan enskripsyon an nan lekòl la ap

diminye ofi-amezi, lè bezwen administratif yo ap diminye pandan lekòl la ap sèvi yon kantite elèv k ap diminye ofi-amezi. Yon fwa ankò, ap genyen tout sipli anplwaye yon fason ki konfòm avèk lwa ak kontra travay yo.

Explore ka anboche sipèvizè oswa manm pèsonèl administrasyon oswa toulède pou lekòl la, jan sa nesesè pandan pwosesis enstalasyon lekòl la ofi-amezi.

D. Sèvis transpò

Pa ta genyen chanjman nan pratik sèvis transpò ki egziste nan P.S. 114 pandan l ap fèmen ofi-amezi.

Y ap bay sèvis transpò selon Règleman A-801 Chanselye a : http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/21A1B11A-886B-4F74-9546-E875EE82A14C/40303/A801.pdf.

E. Lòt Sèvis Sipò

Dispozisyon sèten sèvis sipò dekri anwo a. Yo ta ofri lòt sèvis sipò ki konfòm avèk règleman vil la pandan Explore ap enstale ofi-amezi.

VII. Enfòmasyon sou Bilding

Kalite Bilding lan	Lekòl primè
Ane yo Bati Bilding lan	1907 ak 1920
Klas Jeneral BCAS	2,37 sou 5
Itilizasyon ki Prevwa	86 %
Kapasite ki Prevwa	986
Depans pou Antretyen pou Ane Fiskal 2009	Mendèv : 20,064.78$ Materyèl: 9,741.15$ Kontra pou antretyen ak reparasyon : 47,731.41$ Depans Debaz pou Fonksyònman—Materyèl : 7,272.72$ Depans debaz pou fonksyònman—Alokasyon Debaz : 250,960.21$
Depans pou Enèji pou Ane Fiskal 2009	Elektrisite : 140,058.00$ Gaz : 48,273.00$ Petwòl : 2,254.00$
Pwojè ki reyalize pandan ane akademik lan oswa ane akademik anvan an	Rezolisyon A pou Ane Fiskal 2010 Konpitè Biwo ak tablo kòmann
Pwojè ki pwopoze nan plan kapital	Modènizasyon Bilding-Enstalasyon sistèm ekleraj, espas salklas/koulwa/administratif : Enstalasyon ekleraj fliyoresan. Ranplasman sistèm-Enstalasyon pou mete sistèm elektrik atè ak tablo kontwòl
Aksè nan bilding lan	Aksè total nèt selon yon plan
Patikilarite Bilding lan	Oditoryòm, Kafeterya, Sal Konpitè (CR), Jimnazyòm, Bibliyotèk